



Pou Piblikasyon Imedya: 10/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON ANSAMM LEJISLASYON POU PWOTEJE KREDI AK MOUN KI GEN KAT KADO YO

*Lejislasyon (S.133-B/A.5698-B) pwoteje moun ki gen kat kredi yo kont anilasyon rekompans ki akimile yo*

*Lejislasyon (S.3467-B/A.4629-C) entèdi frè sou kat kado e limite dat ekspirasyon yo*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon ansamm lejislasyon pou pwoteje konsomatè yo kont pratik kredi ak kat kado abizan nan New York. Lejislasyon S.133-B/A.5698-B pwoteje moun ki gen kat kredi yo nan kreye yon peryòd gras pou itilizasyon pwen rekompans yo lè yon kont fin fèmen. Lejislasyon S.3467-B/A.4629-C entèdi frè ak dat ekspirasyon sou kat kado ak sètifikasi kado.

"Pandan n ap antre nan sezon fèt la ki se sezon pataj epi moun New York yo ap achte kado pou zanmi ak fanmi yo, li pi enpòtan toujou pou pwoteje yo kont pratik enjis ki gen konsekans toutbon sou rezulta finansye konsomatè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a pral garanti yon sezon kè kontan nan Eta New York nan fè pa gen moun New York ki yon fason enjis pèdi rekompans li akimile sou kat kredi li oswa ki pran boudan lè l ap achte kat kado pou yon pwòch li."

Lejislasyon S.133-B/A.5698-B pwoteje moun ki gen kat kredi yo nan kreye yon peryòd gras pou itilizasyon pwen rekompans yo apre fèmti yon kont pou yo pa viktim pwogram rekompans ki sou kontwòl kontra ki pa transparan pou konsomatè yo. Yon kondisyon an patikilye nan anpil kontra kat kredi kite konpayi kat kredi an anile tout pwen rekompans ki akimile yo oswa lòt avantaj rekompans lè kont kat kredi an fèmen, san bay moun ki gen kat kredi an chans sèvi ak pwen ki akimile yo. Sa vin yon pwoblèm pwoteksyon konsomatè lè konpayi an inilateralman fèmen yon kont pou rezon tankou detantè a ki pa fè yon peman, oswa pou rezon ki pa presize ki tonbe sou kondisyon paspatou tankou si konpayi an panse detantè a gen dwa pa vle oswa pa kapab peye dèt li alè.

Lejislasyon S.3467-B/A.4629-C entèdi frè ak dat ekspirasyon sou kat kado ak sètifikasi kado. Gen anpil kat kado yo vann avèk yon varyete frè sou yo ki kapab redui valè yo anpil. Sa gen ladan frè pou peye nan moman acha a ak frè inaktivite poutèt yon moun pa sèvi ak yon kat kado pandan yon sèten peryòd tan. Lwa Federal sou Kat Kredi CARD 2009 la mete sèten restriksyon sou frè kat kado nan entèdi frè inaktivite sòf si

yon kat kado inaktif pandan omwen douz mwa epi nan limite kantite frè peryodik yo a yon fwa pa mwa pou piplis. Lwa CARD la entèdi tou dat ekspirasyon anvan senk an apre emisyon an. Men gen dwa gen gwo frè ki otorize sou kat kado yo toujou. Pwojè-lwa sa a pwoteje konsomatè yo nan entèdi tout frè sou kat kado e nan entèdi kat kado ki pèdi valè avèk letan. Anplis de sa, pou elimine plis pèt valè toujou pou konsomatè yo, pwojè-lwa sa a entèdi dat ekspirasyon sou kat kado yo ak sètifica kado yo ki rive pi bonè pase nèf ane apati de dat emisyon an e ki otorize itilizasyon lè balans ki rete a mwens pase senk dola.

**Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare**, "Anilasyon sibit ak sanzatann pwen rekonpans kat kredi se yon bagay tiyatwa, sitou pou moun ki sere yo pandan lontan. Menm jan an, politik kat kado yo ki atake konsomatè yo nan fè fon yo difisil pou jwenn, yo pa bon. Konsomatè yo merite transparans nan men konpayi yo fè konfyans yo avèk lajan yo fè nan di an. Sa fè mwen plezi dèské de (2) nan pwojè-lwa mwen yo, S133-B ak S3467-B, pral pwoteje moun New York yo talè kont konpòtman enjis konpayi kat kredi yo ak konpayi kat kado yo. Mèsi manm Asanble a ki fè pwopozisyon yo Manm Asanble Nily Rozic ak Manm Asanble Nader Sayegh, epi mèsi Gouvènè Kathy Hochul dèské yo ratifye pwoteksyon enpòtan sa yo pou konsomatè yo."

**Manm Asanble Nily Rozic te deklare**, "Konsomatè yo nan New York merite jwenn pwen rekonpans kat kredi yo genyen yo ak transparans sou jan konpayi yo jere yo. Mèsi Gouvènè Hochul dèské ou siyen lejislasyon bon sans sa a pou pwoteje konsomatè yo."

**Manm Asanble Nader Sayegh, te deklare**, "Li senpleman pa bon pou resevwa yon kat kado oswa yon sètifica kado sèlman pou aprann pi ta ke valè kado a otomatikman bese avèk letan, oswa li ekspire Se poutèt sa mwen pwopoze lejislasyon sa a pou entèdi tout frè sou kat kado ak sètifica kado yo achte nan New York. Mwen remèsye Senatè Shelley Mayer dèské li arive fè pwojè-lwa sa a pase nan Sena a, e mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul dèské li siyen pwojè-lwa a nan mitan sezón acha pou fèt yo."

###